दिन–मंगल　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–03.10.2023

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधि– 05 मिनट

---

जातीय गणनाक रिपोर्ट पर चर्चाक लेल आइ पटना मे सर्वदलीय बैसक आयोजित कयल गेल। बैसक मे जदयू, राजद, भाजपा आ कांग्रेस सहित नओ पार्टीक प्रतिनिधि सम्मिलित भेलाह। बैसकक बाद भाजपाक वरिष्ठ नेता विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे ओ रिपोर्टक कमी सभ के बैसक मे उठौलनि। ओ जनौलनि जे भाजपा रिपोर्ट पर आम लोक सभ सँ आपत्ति लेबाक मांग उठौलक। एहि बैसक मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव, विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष विजय कुमार सिन्हा, विधान परिषद मे नेता प्रतिपक्ष हरि सहनी आ पूर्व मुख्यमंत्री जीतनराम मांझी सम्मिलित भेलाह।

---

बिहार मे जारी जातीय सर्वेक्षणक रिपोर्टक विरूद्ध सुप्रीमकोर्ट मे याचिका दायर कयल गेल। न्यायालय मामिलाक सुनवाई करैत अगिला तारीख छओ अक्टूबर कऽ निर्धारित कयलक अछि।

---

राज्य सरकार आर्थिक रूप सँ कमजोर वर्गक अभ्यर्थी सभक लेल बिहार न्यायिक सेवा मे दस प्रतिशत आरक्षणक प्रावधान कयलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। एकर अतिरिक्त कैबिनेट चौदह आन प्रस्ताव सभ के सेहो मंजूरी देलक।

---

केन्द्रीय चयन पर्षद, सिपाही भर्ती एक अक्टूबर कऽ भेल सिपाही भर्ती परीक्षा के रद्द कऽ देलक अछि। संगहि सात अक्टूबर आ पंद्रह अक्टूबर कऽ होबयवला परीक्षा सेहो अगिला आदेश धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल। ध्यातव्य अछि जे एक अक्टूबर केऽ भेल परीक्षाक प्रश्नपत्र लीक भऽ गेल छल। एहि मामिलाक जांच आर्थिक अपराध इकाई कऽ रहल अछि। परीक्षा मे फर्जीवाड़ा के लऽकऽ भिन्न–भिन्न जिला मे एकसठि मामिला दर्ज भेल। ओतहि, एक सय सँ बेसी लोक सभ के एहि मामिला मे गिरफ्तार कयल गेल अछि।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति माध्यमिक शिक्षक पात्रता परीक्षा, एसटीईटी दू हजार तेईसक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। समितिक अध्यक्ष आनंद किशोर पटना मे परीक्षा परिणाम जारी कयलनि। ओ जनौलनि जे पेपर–वन आ टू मे कुल तीन लाख सात सय छब्बीस अभ्यर्थी उत्तीर्ण भेलाह। अभ्यर्थी बीएसईबी एसटीईटी डॉट कॉम पर अपन परिणाम देखि सकैत छथि। एसटीईटी परीक्षा चारि सितम्बर सँ चौदह सितम्बर धरि ऑनलाइन आयोजित कयल गेल छल। परीक्षा मे लगभग चारि लाख अभ्यर्थी सम्मिलित भेल छलाह।

———————————————————

पटना उच्च न्यायालय राज्य सरकार द्वारा स्कूल आ कॉलेजक संचालन समय मे निजी कोचिंग संस्थान सभक संचालन नहि करबाक आदेश पर रोक देलक अछि। न्यायालय एहि आदेशक विरूद्ध दायर एक याचिका पर सुनवाई करैत कहलक जे राज्य सरकार के कोचिंग संस्थान सभक संचालन समय निर्धारित करबाक अधिकार नहि अछि।

———————————————————

राज्य मे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान डेंगूक एक सय एकावन नव मरीजक पुष्टि भेल अछि। स्वास्थ्य विभागक अनुसार पटना आ मुंगेर सँ तीस–तीस नव मामिला सोझा आयल। ओतहि, भागलपुर मे अट्ठाईस, सारण मे पंद्रह आ वैशाली मे आठ लोक के डेंगूक पुष्टि भेल अछि। डेंगूक मरीजक संख्या बढ़िकऽ सात हजार सँ बेसी भऽ गेल। स्वास्थ्य विभाग लोक सभ सँ डेंगूक लक्षण भेटितहि लऽगक स्वास्थ्य केंद्र सँ संपर्क करबाक अपील कयलक अछि।

———————————————————

मॉनसून सक्रियताक कारणे प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान अधिकांश स्थान पर हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। किछु स्थान पर भारी वर्षा सेहो दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, रोहतास, गया, कैमूर, गोपालगंज, मधुबनी, दरभंगा, सुपौल आ अररिया सहित उन्नैस जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षा भऽ सकैत अछि। एहि दरमियान मेघगर्जन आ वज्रपातक सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————

प्रदेश मे लगातार भऽ रहल वर्षाक कारणे कैमूर जिलाक कतेको भाग मे अनचौके बाढ़ि एहेन स्थिति उत्पन्न भऽ गेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे कर्मनाशा, दुर्गावती आ सुवारा एहेन मौसमी नदी पूरा उफान पर अछि। सुवारा नदीक जलस्तर बढ़वा सँ भभुआ शहर मे कतेको घर, अस्पताल आ कार्यालय जलमग्न भऽ गेल अछि।

---

बेगूसराय जिलाक डंडारी थाना क्षेत्रक राजोपुर कटरमाला गाम मे असामाजिक तत्व द्वारा बाबा साहेब डॉक्टर भीमराव अम्बेदकरक प्रतिमा खसेबाक मामिलाक जांचक लेल विशेष टीमक गठन कयल गेल अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।